

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN (RPP)

Nama Sekolah	: SMP N 4 Wates
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Kelas/Semester	: VIII/ Gasal
Pertemuan Ke	: 1 (satu)
Alokasi Waktu	: 2 x 40 menit
Kemampuan berbahasa	: Membaca

A. Standar Kompetensi

Memahami wacana tulis sastra dalam kerangka budaya Jawa

Kompetensi Dasar

1.1 Menulis karya sastra prosa (fiksi)

Indikator

1. Menentukan diksi untuk menulis karya sastra prosa (fiksi)
2. Menulis karya sastra prosa (fiksi)

B. Tujuan Pembelajaran

1. Siswa dapat menentukan diksi untuk menulis karya sastra prosa (fiksi)
2. Siswa dapat menulis karya sastra prosa (fiksi)

C. Materi Pembelajaran

1. Caranipun damel cariyos :

a. Nemtokaken tema

Tema inggih menika pokoking cariyos utawi wedharing rembag ingkang dados dhasaring cariyos. Caranipun nemtokaken tema ing cariyos inggih menika saged kanthi angen- angen, adhedhasar pengalaman, saged ugi kanthi imajinatif inggih menika kanthi daya reka anggenipun ngripta salah satunggaling cariyos.

b. Damel cengkorongan cariyos

Wosipun cengkorongan inggih menika inti lelakonipun paraga ing cariyos

c. Mekaraken cengkorongan dados cariyos

d. Ingkang kedah dipungatosaken ing cariyos kadosta wontenipun unsur-unsur intrinsik ing salebeting cariyos inggih menika :

- Tokoh → paraga ingkang wonten ing cariyos
- Latar → papan, wekdal, lan swasana
- Perwatakan → gegambaring watak manungsa

- Alur → urutan kedadosan ingkang sambung- sinambung ing salebeting cariyos
- Amanat → Wosing pakarti utawi pitutur ingkang wonten ing cariyos

e. Nggatosaken panyeratan kadosta:

- Milih tembung- tembung ingkang mentes
- Ejaan (saged mbedakaken panyeratan a/o, t/th, d/dh, lsp)
- Ngetrapaken basa, tegesipun saged ngetrapaken basa karma lan basa ngoko.

2. Panulisane [a],[o],[ə]

- ✓ Panulisane swara [a] : ing basa jawa dipunsebut *a swara miring*. Vokal a bisa dumunung ing ngarep, tengah, lan buri tembung
Tuladha :

Panulisan	Pocapan
aku	Aku
Mau	Mau
Ora	Ora

- ✓ Panulisane swara [o] : swara/ vocal [o] ing basa jawa bisa dumunung ing ngarep, tengah, lan buri tembung
Tuladha :

Panulisan	Pocapan
Omah	Omah
loro	Loro
Kebo	Kebo

- ✓ Panulisane swara [ə] : swara/ vocal [ə] ing basa jawa dipunsebut a swara jejeg, bias dumunung ing ngarep, tengah, lan buri tembung.
Tuladha :

Panulisan	Pocapan
Amba	əmbə
Sapa	səpə
Lara	lərə

3. Panulisane [t], [th], [d], [dh]

Menawa pocapane ing pucuking ilat, mula panulisane [t]/ [d], menawa pocapane ing jero gulu, mula panulisane [th]/ [dh].

[t], [d]	[th], [dh]
Tutuk	Thuthuk
Tindak	Dhadha
Dina	Bandha

4. Panulisane Mandaswara

Mandaswara yaiku swara manda- manda kang dumunung ing antarane vocal loro kang beda wujud lan unine. Sing kalebu mandaswara yaiku [y], lan [w]. Mandaswara kang dumunung ing tembung lingga *kudu ditulis*, Wondene mandaswara kang dumunung ing tembung andhahan *ora ditulis*.

Tuladha :

Tembung lingga

Pocapan	Panullisan
ki ^y ai	Kiyai
satri ^y a	Satriya
dlu ^w ang	dluwang
tu ^w a	Tuwa

Tembung andhahan

Pocapan	Panulisan
wani + -a = wani ^y a	wania
rabi + -a = rabi ^y a	rabia
tuku + -a = tuka ^w a	tukua
туру + a = turu ^w a	turua

5. Panulisane Hamzah

Swara hamzah yaiku swara [h] kang kaucapake manda- manda. Ing basa jawa swara hamzah kang kaapit vokal loro sing beda unine *ora ditulis*. Menawa ana tembung lingga kang pungkasane awujud aksara [h] lan tembung iku diuwuhi panambang, swara [h] ing tembung kuwi *ditulis* utawa ora luluh nadyan ing pocapan swara iku kaya- kaya ilang utawa ora ana. Ing panulisan swara [h], kang kaya mangkono iku *ditulis*.

Tuladha :

Pocapan	Panulisan
Pa ^h it	Pait
la ^h ir	Lair

Pocapan	Panulisan
kalih+ -an= kali ^h an	Kalihan
weruh+ -a = weru ^h a	weruha

6. Panulisane prenalisasi

Prenalisasi yaiku swara irung kang tansah ndhisiki sawijining tembung nalika tembung iku kaucapake. Ing basa jawa, kabeh tembung kang kadhisikan swara anteb yaiku [b], [dh], [d], [j], [g], bakal kadhisikan swara irung/ prenalisasi. Tembung kang kadhisikan swara irung akeh- akehe tembung aran lan tembung lingga kang nuduhake papan. Sanajan pocapan swara irung tansah ndhisiki swara anteb, ing panulisan, swara irung iku *ora ditulis*.

Tuladha :

Pocapan	Panulisan
[^m bali]	Bali
[^m bantul]	Bantul
[ⁿ desa]	Desa
[ⁿ dalem]	Dalem

D. Metode Pembelajaran

1. Ceramah digunakan untuk mengawali pembelajaran dan menyampaikan materi pembelajaran tentang menentukan diksi untuk menulis karya sastra prosa (fiksi).
2. Diskusi digunakan untuk mengukur kemampuan siswa mengenai penulisan karya sastra prosa (fiksi).
3. Tanya jawab digunakan untuk meningkatkan keaktifan para siswa dalam belajar
4. Evaluasi digunakan untuk melihat seberapa jauh pemahaman siswa mengenai diksi yang tepat dalam penulisan karya sastra prosa (fiksi)

E. Media Pembelajaran

1. Buku Siswa Tama
2. Soal

F. Langkah- langkah pembelajaran

a. Pendahuluan

- 1) Guru mengucapkan salam kepada para siswa
- 2) Berdoa sebelum pelajaran dimulai. Doa dipimpin oleh perwakilan siswa.
- 3) Mengecek kehadiran siswa/ presensi siswa
- 4) Menjelaskan tujuan pembelajaran atau kompetensi dasar yang akan dicapai

b. Kegiatan inti

1) Eksplorasi

- Siswa memperhatikan guru ketika menerangkan cara penulisan diksi yang yang tepat untuk menulis karya sastra

2) Elaborasi

- Siswa menuliskan kalimat yang didektekan oleh guru
- Siswa menuliskan karya sastra prosa/ fiksi dengan tema bebas

3) Konfirmasi

- Siswa dapat menuliskan kata/ kalimat sesuai dengan diksi yang tepat
- Siswa dapat menuliskan karya sastra prosa/ fiksi dengan menggunakan diksi yang tepat

c. Kegiatan Penutup

- Para siswa dibantu dengan guru menyimpulkan materi yang telah dipelajari
- Setelah para siswa dapat memberikan kesimpulan, kemudian guru menutup pelajaran dengan berdoa yang dipimpin oleh siswa dan guru mengucapkan salam.

G. Sumber

- 1) Setyawati, Bethy Mahara. 2012. Siswa Tama. Yogyakarta. Ulinuha Grafika
- 2) LKS Puspita Basa Bahasa Jawa kangge kelas VIII dening Bethy Mahara Setyawati, S.Pd

- 3) Prabaswara. 2012. Kawruh Basa Jawa Pepak. Surabaya: Sinar Kemala
- 4) Poerwadarminta, W.J.S. 1939. Baoesastra Djawa. Groningan, Batavia: J.B. Wolters Uitgevers Maatschaappij.

H. Penilaian

Indikator	Teknik Penilaian	Instrumen
1. Menentukan diksi untuk menulis karya sastra prosa (fiksi)	Teknik tertulis	<p>1. Kaserata ukara ing ngandhap punika :</p> <p>Pocapanipun :</p> <ol style="list-style-type: none"> a. Pak Hasan tindak dhateng kebon, amargi badhe panen keləpə. b. Adhiku sikile lara amargə mau esuk tibə nalika pit- pitan. c. ⁿdalemipun Pak Agus lan Pak Heru wonten ^mBantul. d. Siwi lagi nggarap PR bəsə Jəwə nalikə ənə lindhu mau bengi. e. Sarmili pancen pinter anggone nuthuk gamelan. f. Parto lagi ngarit ing kebon kanggo makani wedhus loro. g. Yen wani aja wedi- wedi, yen wedi aja wani- wani h. Saiki bali^ya wae mumpung isih padhang, yen mengko malah selak wengi. i. Ado^ha kaya ngapa kae, bocah kae ora tau nggresulə. j. Ja^he bisə digawe wedang lan menawa diombe bisa gawe rasa anget ing awak.
2. Siswa dapat menulis karya sastra	Teknik tertulis	2. Kaserata karya sastra prosa (fiksi) kanthi diksi ingkang leres!

prosa (fiksi)		
---------------	--	--

prosa (fiksi)		
---------------	--	--

I. Kunci Jawaban

1. Panulisanipun :

- a. Pak Hasan tindak dhateng kebon, amargi badhe panen kelapa.
- b. Adhiku sikile lara amarga mau esuk tiba nalika pit- pitan.
- c. Dalemipun Pak Agus lan Pak Heru wonten Bantul.
- d. Siwi lagi nggarap PR basa Jawa nalika ana lindhu mau bengi.
- e. Sarmili pancen pinter anggone nuthuk gamelan.
- f. Parto lagi ngarit ing kebon kanggo makani wedhus loro.
- g. Yen wani aja wedi- wedi, yen wedi aja wani- wani
- h. Saiki balia wae mumpung isih padhang, yen mengko malah selak wengi.
- i. Adoha kaya ngapa kae, bocah kae ora tau nggresula.
- j. Jahe bisa digawe wedang lan menawa diombe bisa gawe rasa anget ing awak..

J. Kriteria Penilaian

Nomer 1 setiap point memiliki skor 10, jadi total $10 \times 10 = 100$

Nomer 2 memiliki skor 100

Nilai : $200 : 2 = 100$

Kulon Progo, 17 Agustus 2016

Mengetahui
Guru Pembimbing



Bethy Mahara Setyawati, S.Pd.
NIP 19800403 200312 2 005

Mahasiswa



Rani Yulianti
NIM 13205241050